# ATA -ANALAR HAM BALALAR ORTASINDAG'I KELISPEWSHILIKLER

**Jumamuratova Ayzada**

**Ma'mbetyarova Venera**

Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti.

*https://doi.org/10.5281/zenodo.14496251*

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada ata-analar ha'm balalar ortasindag'i kelispewshiliklerdin' kelip shig'iw sebepleri, shan'araqtag'i tarbiya procesleri haqqinda so'z etiledi.*

***Gilt so'zler:*** *Shan'araq, ata-ana, perzent, o'spirimlik jasi, ja'miyet.*

## PARENTS AND CHILDREN ARE ALSO DISAGREEMENTS

***Abstract.*** *This article discusses the causes of disagreements between parents and children, as well as the processes of upbringing in the family.*

***Keywords:*** *family, parents, child, adolescence, society.*

## РОДИТЕЛИ ТОЖЕ СРЕДИ ДЕТЕЙ СОГЛАШЕНИЯ

***Аннотация.*** *В данной статье рассматриваются причины разногласий между родителями и детьми, процессы семейного воспитания.*

***Ключевые слова:*** *семья, родители, ребенок, подростковый возраст, общество.*

---

Shan'aq -bul muqaddes da'rgay, shan'araqta erli-zayip, qarindasliq, tuwg'an -tuwisqanliq mu'nasebetleri qa'liplesedi, perzentler ta'rbiyalanadi.

Ma'mleketimizde shan'araq mu'nasebtleri ha'm bala tarbiyasina u'lken itibar berilmekte.

Biraq sog'an qaramay ha'zirgi waqitta shan'araqtag'i kelispewshilikler, ata-ana ha'm bala ortasinda mu'nasebtlerdin' jaqsi emasligi en' u'lken mashqalalardan biri esaplanadi.

Shaxtin' formalaniwinda en' birinshi na'wbette shan'araq ortalig'i, ata-ana ha'm perzentler ortasindag'i mu'nasebetler a'hmiyetke iye.

Ata-analar perzentler menen olar tug‘ilmasdan burin yag'niy, ana qarninda waqtinan baslap sa'wbetlesip bariwi lazim.

Ata ana ha'm perzentler ortasindag'i kelispewshilikler ata-ananin' perzentti tu'sinbewi, perzentlerdin' bolsa ata -anani tin'lamawi na'tiyjesinde kelip shig'adi. Ko'pshiligimizge bul kelispewshilikler apiwayi halday tu'yiledi.

Biraq bul kishi tartisiwlar bara-bara, u'lken kelispewshiliklerdin' kelip shig'iwina sebep bo‘liwi mumkin. Bunin' aldin aliwimiz ushin en' birinshi na'wbette ata -ana perzentler ortasindag'i mu'nasebetlerge itibar qaratiwimiz kerek .

Ata -ana perzentin kishi waqtinan baslap hamme narsenin' jaqsi jamanin, duris, qa'teligin, jilli so'z benen tusindrip bariwi kerek. Xalqimiz "Qus uyasida ko'rgenin qiladi" dep, biykarg'a aytpag'an perzent shan'araqta ata-anadan u'lgi aladi. Sonliqtan ata-ananin' bir -birine bolg'an mu'nasebetlerineda itibar qaratiw kerek.

Shan'araq ha'm perzent tarbiyasina, shan'araqtag'i mu'nasebetlerge ko'plep alimlar qiziqqan ham o'z pikirlerin bildirgen. Watanlasimiz Abu Nasir Farobiy o'z shig'armalarinda keltiriwinshe shan'araq ag'zalarinin' bir birine bolg'an jaqsi mu'naseberleri ,mehr -muhabati,bir -birin tu'siniwlerinin' o'zi shan'arqtin' baxtin payda etedi degen.

Shan'araq mu'nasebetlerinde, ata -ana perzent ortsindag'i mu'nasebtlerdin' jaqsi emasligi olar ortasindag'i har qiyli tu'sinbewshilikler kelip shig'iwina sebep boladi. Asirese o'spirimlik jasindag'i balalar ata -ana menen tez-tez urisiwi baqlanadi .Bul jag'dayda ata-analar ilaji barinsha perzentleri menen ashiq sawbetlesiwdi jolg'a qoyiwi shanaraqtag'i ko'pshilik kelispewshiliklerdin' sheshimi ekenligin aytip o'tken.

Ulli babamiz Alisher Nawayi o'zinin' ko'pshilik shig'armalarinda shan'araq ha'm shan'araq mu'nasebetleri haqqinda o'zinin' ko'plep pikirlerin aytip o'tken.

Balanin' er jetiwinde kamal tabiwinda tarbiyanin' ku'sh ham qu'dretine de ayriqsha itibar qaratgan.

Ibn Sino babamizda o'z shig'armalarinda bala tarbiyasi menen tarbiya usullari haqingda qimbatli pikirlerin aytip o'tken. Ol aqily, tarbiya fizikaliq tarbiya miynet tarbiyasinin' birgelikte alip barilwi onin' ka'mil insan bolip jetiwinde tiykarg'i derek ekanligini aytip o'tken.

Bunnan basqada bala tarbiyasida balani urip, baqirip tarbiyalawdan ko're og'an tu'sindirip, a'ste -aqirin tu'sindirip bariwdi maqul.

Ayrim ata -analar perzentlerin uriw arqali aytqanin' qildirmaqshi boladi. Bunin' na'tiyjesinde, perzentlerde ata-anag'a degen naraziliq payda boladi, ha'mde perzentler ata -analarin aldawi ha'm olardan uzaqlasiw mu'mkin.

Ata-ananin' balalar menen ko'birek pikir almasiwi, tin'lawi o‘ralar ortasinda ko'pshilik kelispewshiliklerdin' kelip shig'iwinin' aldin aladi. Shan'araqtag'i mu'nasebetlerdin' buziliwi, balanin' psixologiyaliq rawajlaniwina keri tasirin ko'rsetedi.

Balanin' o'sip atirg'an ortalig'i tinish, tarbiyali ha'm erkin bolsa o'z kelsheginde jamiyetke tez aralasiwina da ham jaqsi maslasiwinda jardem beredi.

Analiz qilip aytatug'in bolsaq, ata-analar perzentleri menen jeterli da'rejede sa'wbetlespewi bala menen islesiwge waqittin' joq ekenligi shan'araqtag'i kelispewshiliklerdin' kelip shig'iwinin' tiykarg'i sebeplerinen biri esaplanadi.

**REFERENCES**

1. Vasila Karimova "Psixologiya ", Toshkent, 2000.
2. Foziev E. "Umumiy psixologiya " 1-kitob, Toshkent, 2004
3. "Psixologiya atlasi" M.Gomezo tahririda Moskva 1986
4. M.G.Davletshin. "Psixologiya", Izohli lug`ati, Toshkent 1998
5. M.G.Davletshin. «Umumiy psixologiya», Toshkent, 2002.
6. Foziev E. «Umumiy psixologiya», 2 –kitob, Toshkent, 2004.